Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

O. Hasanboyeva, M. Inoyatova,
V. Kostetskiy, J. Bazarbaev

# ÁDEPNAMA

Ulıwma orta bilim beriw
mektepleriniń 1-klası ushın sabaqlıq

*Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw
ministrligi tárepinen tastıyıqlanǵan*

http://eduportal.uz

«O'QITUVCHI» BASPA-POLIGRAFIYALÍQ DÓRETIWSHILIK ÚYI
TASHKENT — 2019

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**UOK: 177 (075.2)**
**KBK 74.00**
**X 30**

Juwaplı redaktor **R. X. Djurayev** — p. i. d., akademik.

Pikir bildiriwshiler:

**Sh. Turaev** — f. i. kandidatı, docent;
**Z. Jumanova** — Nizamiy atındaǵı TMPU doktorantı;
**Z. Jabborova** — Respublikalıq oqıw orayı metodisti;
**G. Saydalieva** — Yunusabad rayonındaǵı 96-sanlı mekteptiń joqarı kategoriyalı baslawısh klass muǵallimi.

Qaraqalpaqsha awdarmaǵa pikir bildiriwshi:

**G. Abdikarimova** — Respublikalıq oqıw-metodikalıq orayınıń metodisti.

## SHÁRTLI BELGILER:


— birgelikte oqıymız;


— maqaldıń mánisin túsindiriń;


— tapsırma;


— soraw;


— soraw hám tapsırma;


— este saqlań.

**Respublika maqsetli kitap qorı qarjıları esabınan basıp shıǵarıldı.**

ISBN 978-9943-22-364-6

© **O. Hasanboyeva, M. Inoyatova, V. Kosteckiy J. Bazarbaev.** 2011, 2018.
© **«O‘qituvchi»** BPDÚ, 2019
*Qaraqalpaqshaǵa awdarma*
© **«Bilim»** baspası, 2019.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# I. ÓZBEKSTAN — AZAT HÁM ABAT WATAN

## 1. 1-SENTYABR — ǴÁREZSIZLIK KÚNI

*Perzentlerimizdiń tınıshlıǵı, olardıń baxtı, keleshegi — jámiyettiń eń úlken baylıǵı.*

**Shavkat Mirziyoev,**
Ózbekstan Prezidenti



**Bayramlarıńız qutlı bolsın!**



http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE











Kók reń bul — máńgi báhár,
Sarı reń — suw hám gáwhar.
Jasılı — jaslıq ańlatar,
Qaraqalpaqstan bayraǵı.
Bes dana juldız — bes qala,
Tuwısqanlasqan dos qala,
Áyyemgi hám de jas qala,
Qaraqalpaqstan bayraǵı.

*Xalmurat Saparov*

Mámleketimiz bayraqların boyań.





http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# 2. BABALARDAN MIYRAS JURT





**Samarqand** **Nókis**





**Buxara** **Xiywa**

Tashkent, Samarqand, Buxara, Xiywa hám Nókis qalaları haqqında nelerdi bilesiz?

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE






**Tashkent — Ózbekstannıń paytaxtı**
**Nókis — Qaraqalpaqstannıń paytaxtı**



## Ózbekstan — jánnet mákan

Hawası em, jańǵa jaǵar,
Jeri saqıy, suwı gáwhar.
Tórt pasıldıń biri báhár,
Ózbekstan — jánnet mákan.

*Xalmurat Saparov*

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# Abat Watan





**Paytaxtımız hám awıllarımızdaǵı jańa qurılıp atırǵan imaratlar**



Siz jasap atırǵan jerde qanday jańa imaratlar qurılmaqta?

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# II. ÁDEP — INSAN USHÍN ZIYNET

## 3. ÁDEP-IKRAMLÍQ NORMALARÍNÍŃ DÁSLEPKI TALAPLARÍ





1. Bul balalardı ne ushın miyrimli hám ádepli dewge boladı?
2. Eslep kóriń, sizler qaysı ibratlı sózlerdi kóp qollanasız?

„ASSALAWMA ÁLEYKUM“,

„LÁBBAY“, „RAXMET“,

„SORANAMAN“, „YAQSHÍ“.

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE





Mınaday „Ádeplilik qağıydaların“ este saqlań.

| | |
|---|---|
| **Birinshi qağıyda:**<br>Birinshi sálem ber,<br>sálemdi álik al. |  |
| **Ekinshi qağıyda:**<br>Sen deme, Sizge de,<br>Men deme, Bizge de. |  |
| **Úshinshi qağıyda:**<br>Ata-anańdı qádirle,<br>Ólgenińshe jaqsı sóyle. |  |
| **Tórtinshi qağıyda:**<br>Kirińiz,<br>Sizge biziń tórimiz. |  |
| **Besinshi qağıyda:**<br>Soramay kirgen ayıp,<br>Soramay ketken uyat. |  |



http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# 4. ÁDEPLI BALA — ELGE ÍLAYÍQ




Súwretten juwmaq shığarıń!



**Este saqlań!** Ádepli bala adamlar menen sóyleskende jağımlı sózlerden kóp hám orınlı paydalanadı.



Tómendegi balalardı ne ushın ádepsiz deymiz? Ádepli bala qanday boladı?





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



„Soranaman“, „Márhámát“, „Raxmet“ sıyaqlı jaǵımlı sózlerdi qollanıp, tómendegi jaǵdaylardı saxnalastırıp kórsetip beriń.







http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# 5. SÁLEMLESIW ÁDEBI

Sálem beriw eń gózzal pazıylet.









„Assalawma áleykum“ — „Sizge tınıshlıq hám salamatlıq tileymen“.

„Waliykum assalam“ — „Sizge de tınıshlıq hám salamatlıq tileymen“.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Sálemleskende aytılatuǵın jaǵımlı sózlerdi esleń.

Assalawma áleykum!

Qalaysız?

Waliykum assalam!

Saw bolıń!

Kóshede klaslasıńızdı ushıratıp qalsańız, qalay sálemlesip, sóylesiwińizdi kórsetip beriń.

Sálem, sálem, ássalam,
Sózimizdiń eń bası.
Sol bir sózde jámlesken,
Tileklerdiń aǵlası.
Sálemlesiw, húrmetlew,
Wazıypam dep bileber.
Birge jatıp tursań da,
Ata-anańa sálem ber.
Este saqla, yadta tut,
Usı altın qádeni.
Bárhá sálem berip ót,
Kórseń jası úlkendi.



*Shiyrin Atamuratova*

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# 6. SÁLEMLESIW QAĞÍYDALARÍ

| | |
|---|---|
| Jası kishi jası úlkenge sálem beredi. |  |
| Bir adam kópshilikke sálem beredi. |  |
| Mashinada baratırǵan adam piyadaǵa sálem beredi. |  |
| Telefon trubkasın kóterip «Lábbay» delinedi hám sálem beriledi. |  |
| Azanda bet-qoldı juwmay turıp sálem berilmeydi. |  |

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Berilgen súwretlerdegi jaǵdaylardı túsindiriń. Balalar, sálemlesiw qaǵıydalarına qalay ámel etetuǵının aytıp beriń.









http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# 7. QATNASÍQ ÁDEBI




Jumsa iske hárqanday,
Emes qolım talǵanday,
Atqaraman palwanday,
Aytqan jıllı sóz benen.
Sonshama kóp dostım bar,
Kóriwge meni asıǵar,
Kewlimde gúl ashılar,
Aytqan jıllı sóz benen.

*Xalmurat Saparov*

Qatnasıq ádebinde qollanılatuǵın sózlerdi esleń.

Dostım... Jorajan...

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Raxmet!

Yaqshı!

Márhámát!

Qandaysız?

Saw-salamat júripsiz be?

Joqarıdağı sózlerden paydalanıp, usı kórinislerdi saxnalastırıń.





**Este saqlań!** Sóyleskende jağımlı sózlerden paydalanıń!



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# 8. JAQSÍLÍQ HÁM JAMANLÍQ

Adamlardı quwanıshqa bóleytuǵın, kewlin kóteretuǵın sóz hám is-háreketler jaqsılıq bolıp esaplanadı. Adamlardı qapa etetuǵın sóz hám is-háreketler jamanlıq bolıp tabıladı.

Tómendegi jaǵdaylardı saxnalastırıń hám pikir bildiriń.





Birgelikte juwap beriń.

Ne — jaqsı, ne — jaman?

- Járdem beriw
- Itibarsızlıq
- Miynet súygish bolıw
- Erinsheklik

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



- Jası úlkenlerge húrmette bolıw
- Gáp qaytarıw

Ómirińizde súwretlerdegi qaysı jaǵdaylarǵa dus kelgensiz? Jáne qanday jaǵdaylarda jaqsılıq etiwge boladı?









https://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# 9. BIZIŃ WAZÍYPALARÍMÍZ

Wazıypa tapsırılǵan jumıslardı waqtında orınlaw, óziniń wazıypalarına juwapkershilik penen qarawı. Juwapkershilik óziniń is-háreketi ushın juwapkershilikti seziwi bolıp tabıladı.



## Oqıwshınıń wazıypası

1. Sabaqqa óz waqtında keliw.
2. Mektepte intizam saqlaw.
3. Jaqsı oqıw.
4. Sózdi tıńlap biliw.
5. Ótirik sóylemew.
6. Taza júriw.



„Oqıwshınıń wazıypası“ degende neni túsinesiz?

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Súwretti baqlań. Balalardıń qaysıları óziniń jumısına juwapkershilik benen qarap atır dep oylaysız?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# 10. MINNETDARSHÍLÍQ

Minnatdarshılıq — bul adamlardıń jaqsılıǵına quwanıw, olarǵa raxmet aytıp, retinde qaytarıwǵa tırısıń.

Adamlarǵa qanday sózler menen raxmet aytqanıńızdı esleń.

Minnatdarman! Júdá jaqsı

Raxmet! Quwanıp qaldım!

Bul jaǵdaylar ushın jaqsı minnetdarlıq sózlerin tabıń.







http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Jası úlkenler sizdi qanday sózler menen alǵıslaydı?

Bárekella! Ataña raxmet!

Kóp jasa! Bereket tap!

Súwretlerdegi kórinislerdi saxnalastırıń. Jaqsı minnetdarshılıq sózlerinen paydalanıń.





Alǵıs — altınnan qımbat.

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# 11. SHAŃARAQTA

Hárbir insannıń óz shańaraǵı bar. Shańaraqta atası hám kempir apası, ata-anası, aǵa-inisi, apa-sińlileri tatıw jasaydı. Olar bir-birine hárbir iste járdem beriwi kerek. Sebebi, shańaraq—kishi Watan.



1. Súwrette kimler súwretlengen?
2. Shańaraq aǵzalarıńız haqqında aytıp beriń.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Ata-anańız hám jaqınlarıńızdı ardaqlań!

## Ata-ana aldında

Shın qálbimnen súyemen,
Sózin oyǵa túyemen.
Diz búgip bas iyemen,
Ata-ana aldında.

Ne buyırsa bári saz,
Etkim keler kewlin jaz,
Qansha xızmet etsem az,
Ata-ana aldında.

*Xalmurat Saparov*



Sizler úyde qanday jumıslardı isleysiz? Shańaraǵıńızdaǵı tártıp-qaǵıydalar haqqında aytıp beriń.

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# 12. BILIM BERIW ORNÍNDA ÁDEP-IKRAMLÍQ QAĞÍYDALARÍ

- Oqıwshı tártipli bolıwı, wazıypalardı qunt penen orınlawı kerek.
- Mektep múlki hám oqıw quralların kóz qarashıǵınday saqlawı zárúr.
- Qatnasıq ádebin saqlaw kerek.
- Soraw soramaqshı yaki juwap bermekshi bolǵanında qol kóteriwi kerek.

Tabıń, súwrette qaysı qaǵıyda buzılǵan?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

http://eduportal.uz

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE





Oqıwshılar mekteptiń qaysı qaǵıyda-larına ámel etpekte?

Ustaz — ilimniń baǵmanı.

Oqıwshı — ustazdıń miywesi.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# 13. JÁMIYETLIK ORÍNLARDA ÓZIN TUTÍW

Mektep, kóshe, teatr, kitapxana, jámáátlik transportta jámáátlik orınlarda órnek kórsetiń.

Olardıń óziniń ádep qaǵıydaları bar.



Súwretlerge qarap, jámáátlik orınlarda ne jaqsı ne jaman ekenin bilip alıń.









http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# Jaqsı ma yaki jaman?

- Salem beriw
- Keshirim soramaw
- Jıllı júzlilik penen qaraw
- Adamlardı qapa etiw
- «Raxmet» aytıw
- Baqırıp sóylew.



Jańa doslar menen qalay tanısıwıńızdı klaslasıńız benen birge saxnalastırıp kórsetiń.

Paydalanıw ushın sózler:

Tanısqanımnan quwanıshlıman!

Minnetdarman!

Dostım...

Dos bolayıq!...

Jorajan...



http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# TÁKIRARLAW

1. Ne ushın elimizdi „Azat hám abat Watan“ dep aytamız?

2. Úlgiden paydalanıp, qalalarımızǵa táriyip beriń.

Úlgi: *Namangan—gúller qalası.*

Samarqand — ... .

Xiywa — ... .

Nókis — ... .

3. Tuwılǵan jerińizge táriyip beriń.

4. Mektepte ámel etiletuǵın ádep-ikramlıq qaǵıydaların aytıp beriń.

## Jaǵımlı sóz

Ádepliliktiń bası — „sálem“

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Xosh jaǵadı hámme waqıt:
„Raxmet“, „Meyli“, „Márhámat“.
Kóteredi kewlińdi
Doslarıńnıń „Xosh keliń“ i.
Sońǵı sóz de káramat:
„Xosh, bolıń salamat“.

*Dilshad Rajab*

Toparlarǵa bóliniń. Qosıqtaǵı ajıratılǵan sózlerden paydalanıp, Ayazbaba hám Qarqız sáwbetlesiwin saxnalastırıń.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# III. INSAN SALAMATLÍǴÍ — EL BAYLÍǴÍ

## 14. TAZALÍQ — DENSAWLÍQ GIREWI

Súwrettegi zatlardıń qaysıları taza júriw ushın qollanıladı?



Tazalıǵıń — densawlıǵıń.

### Ǵayrat nege uyaldı?

Oqıw sabaǵı edi. Klasqa mektep direktorı Omar Nızanov kirdi. Oqıwshılar orınlarınan turıp, direktorǵa sálem berdi. Direktor Ǵayratqa qarap:

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



— Ǵayrat, tazalıqqa ámel etiw haqqında nelerdi bileseń? — dep soradı.

Ǵayrat ornınan turdı. Onıń kiyimleri jıyrıq, shashı taralmaǵan, ayaq kiyimi ılay edi.

Ǵayrat juwap bere almay, uyattan qızarıp, jerge qaradı.

Aytıń, nege Ǵayrat uyalıp, juwap bere almadı?





## Azada bolıń

Qanday jaqsı, balalar,
Tazalıq, azadalıq.
Jaqsı minez, ádep penen
Bárháma bolsın sılaslıq.

*Muhiddin Omon*





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# 15. AWQATLANÍW ÁDEBI HÁM QAǴÍYDALARÍ

Súwretlerdi baqlap, juwmaq shıǵarıń.









*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# Kempir apamnıń násiyatları

Keshki awqat payıtı edi. Azat awqattı júdá asıǵıp jedi. Bunı kórgen kempir apası oǵan:

— Awqatlanıwdıń óz ádebi hám qaǵıydaları bar. Men úshewin aytaman: birinshisi — ádepli bala awqatlanıwdan aldın hám keyin qolların juwadı. Ekinshisi — ózinen úlkenlerden aldın awqatqa qol sozbaydı. Úshinshisi — mazalı awqat ushın raxmet aytadı. Qalǵanların sen óziń aytıp ber yaqshıma?!



Awqatlanıwdıń jáne qanday qaǵıydaların bilesiz?

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# 16. ÁMELIY JUMÍS

Awqatlanıw ádebine ámel etilmegen jaǵdaylardı tabıń!





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

http://eduportal.uz

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Dasturqan dógereginde qanday jaǵımlı sózler qollanıladı?

Ishteyińiz ashılsın!

Iltimas, tatıp kóriń...

Raxmet, awqat júdá mazalı bolıptı!

Joqarıdaǵı sózlerdi qollanıp, „Miyman-miyman“ oynın oynań. Tarelka, pıshaq, qasıq hám shanıshqılardan súwrette kórsetilgenindey paydalanıń.







http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# 17. QÁWIPLI JAĞDAYLARDA TÁRTIPLI HÁM DURÍS HÁREKET ETIŃ!

**Qáwipli jağday**—ózi yamasa ózgelerdiń ayıbı menen, itibarsızlıq aqıbetinde adam ómiriniń qáwipte qalıwı.

Bunday qáwipli jağdaylar nelerge alıp keledi?









*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE





Qáwipli jaǵdaylarda qanday durıs háreket etiw kerekligin eslep qalıń.












Ómirińizdi qáwip astına qoymań!



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# 18. ÁMELIY JUMÍS

Qáwipli jaǵdaylarda qaysı nomerlerge telefon etiwińizdi esleń.

101 102 103 104 1050

Bunday jaǵdaylarda qaysı nomerge telefon etiw kerek?





Qáwipsizlik xızmetleriniń atların esleń.

„Tez medicinalıq járdem“ „Órt qáwipsizligi xızmeti“ „Gaz xızmeti“ „Ishki isler basqarması“ „Qutqarıw xızmeti“

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Bul mashinalar qáwipsizlik xızmetiniń qaysı túrlerin kórsetedi? Úlgige qarap, kerekli xızmet túrin jazıń.

*Úlgi:*







„Gaz xızmeti“

„Qutqarıw xızmeti“










*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# IV. BILIM AL, ÓNER ÚYREN

## 19. KITAP — BILIM BULAǴÍ





Súwretlerdi salıstırıń hám juwmaq shıǵarıń.

### Kitap

Men kitappan — kitappan,
Nurǵa tolı quyashpan,
Eger meni jırtsańlar,
Biliń sonda — biytappan.

*Abdulla Turdiyev*

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



## Kitap oqıw qaǵıydaları:

- kitaptı patas qol menen uslamań;
- kitaptı abaylap saqlań;
- kitaptı jatıp, kózge jaqın uslap oqıma, kózińe zıyan;
- kitaptı jaqtılıq shep tárepten tú-setuǵın jerde oqıń. Kitabıńda bárqulla lenta bolsın.

Siz kitaptı abaylap saqlaw ushın ne isleysiz?

Júdá súyemiz onı,
Hár túrli mazmunı.
Ol — hámmeniń dostı,
Geyde bolar súwreti.
Qáne, dostım, bunı tap!
Eslegen der, bul — .....




http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# 20. BILIM AL, ÓNER ÚYREN

Balalar, ǵayrat penen óner úyrenseńiz, sonda, keleshekte ónerli, hár tárepleme jetik insan bolasız.

Tabıń, bul balalar keleshekte kim bolıwı múmkin?









http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# Boldım sheber ağash usta



Jarasadı óner jasqa,
Júrgen uyat qurı bosqa.
Ustazımnan alıp tálim,
Boldım sheber ağash usta.

Ustashılıq óner mağan,
Boldı búgin ırısqı-nan..
Óz isime maman boldım,
Barmağınan óner tamğan.

Ónerime ókinbeymen,
Izge qarap sheginbeymen.
Júzim jarqın, paldan tatlı,
Hadal miynet nanın jeymen

*Xalmurat Saparov*



Ónersiz adam menen dos bolma.

*„Qabusnama“dan*



Ónerdi úyren de j _ _ _ _ n .



http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# 21. ADAM MIYNETI MENEN HÚRMETLI

## Atamnıń násiyatı

Tıńlap tursam keńesin,
Sabaǵıńdı bil, deydi,
Jas gezińde hámmesin,
Zeyin salıp il, deydi.
Ayır, jaqsı jamandı,
Qalay sınap kór deydi.
Úlgi tut, jaqsı adamdı,
Nur ústine nur deydi.
Jaman tilge alınbay,
Tuwrı sóylep kel, deydi.
Jaqsı kórip janınday,
Húrmet eter el, deydi.
Aytqanı taǵı atamnıń,
Miynet súygish bol deydi.
Miynet etken adamnıń,
Nesiybesi mol, deydi.

*Xalmurat Saparov*



**Este saqlań!** Oqıwshınıń tiykarǵı miyneti — puqta bilim alıw.

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE







Siz ózińizdi miynet súygish oqıwshı dep bilesiz be?



Miynet — baxıt gilti.

*Alisher Nawayı*

Búgingi isti erteńge qaldırma.
Erinshektiń erteńi tawsılmaydı.
Miynettiń kózin tapqan,
b ☐☐☐☐ tıń ózin tabadı.





http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# 22. KIM BOLSAM EKEN?

*(Ámeliy shınıǵıw)*

Súwretlerden paydalanıp, kásipler haqqındaǵı qosıq jumbaqlar juwabın tabıń.







Salamatlıq pasbanı,
Dártimizdiń dármanı,
Óz kásibine pidákar,
Onıń atı — ... .

* * *

Kitapqumarǵa xızmet qılar,
Hámmemizge kitap berer.
Ol kim ózi, oylashı,
Taptım — ... .

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



* * *

Qollarında qılqálem, súwret salar, kim?
— ... .

Basqatırmanı sheshiń. Berilgen sózlerdi ózine sáy ketekshelerge jaylastırıń.

Ushıwshı, shıpaker, gúlal, qurılısshı, injener.



Joqarıdağı kásipler haqqında nelerdi bilesiz?



Óner — tawsılmaytuǵın ǵáziyne.





http://eduportal.uz
*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# V. ATA-BABALARÍMÍZDÍ ESLEW MÁŃGILIK

## 23. ESLEW HÁM QÁDIRLEW KÚNI

9-may — Eslew hám qádirlew kúni.

Sol kúni bizler ata-babalarımızdıń ibratlı islerin eske alamız.

Bizdi tárbiyalap, ádep-ikramlıq úyretken babalarımız hám kempir apalarımız, ata-anamızǵa raxmet aytamız.

Watanımız tınıshlıǵı hám abadanlıǵı jolında janın pidá etken, bizge baxıtlı balalıqtı inam etken ata-babalarımızdı esleymiz. Olardıń esteliklerine gúller qoyamız. Qariyalar hám nawqaslardıń jaǵdayınan xabar alamız. Eslew hám qádirlew hámmemizdıń perzentlik wazıypamız.



Eslew — máńgilik.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE





1. Súwretke qarap, tınıshlıq ushın gúreskenlerdi qalay eske alıwıńızdı aytıp beriń.
2. Tınıshlıq ushın gúresken babalarımızdan kimlerdi bilesiz?
3. Nege qaharman ata-babalarımızdıń esteligin este saqlaymız?

Mártlik — mańgilik.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# 24. ZIYARAT ETIW ÁDEBI

*(Ámeliy jumıs)*



Elimizde kóplegen zıyarat orınları bar. Eslew hám qádirlew kúninde bizler zıyarat ornında boldıq. Zıyarat ornına kiriwden aldın muǵallimimiz:

„Balalar, zıyarat ornında tazalıqqa ámel etiń. Baqırıp sóylemeń. Ata-babalarımızdıń ómiri hám ibratlı isleri

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



haqqında kóbirek maǵlıwmat toplań,“ — dep tapsırdı.



Ata-anańız penen jaqın átiraptaǵı zıyarat ornına barıń. Zıyarat ádebine ámel etiń.

## Danalar zıyarat ádebi haqqında

* Zıyarat ornına juwınıp, taza bolıp barıw kerek.
* Zıyarat ornına sálem berip kiriw kerek.
* Zıyarat ornında gerbish hám naǵıslarǵa hár túrli sózler hám niyetlerdi jazıwǵa bolmaydı.
* Ullılar maqbarası ústinde sham jaǵıw, janındaǵı tereklerge hár túrli shúberek hám lentalar baylawǵa bolmaydı.



http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# VI. TÁBIYAT HÁM BIZ

## 25. TÁBIYATTÍ QORǴAW HÁM TÁBIYAT QOYNÍNA SAYAXAT ÁDEBI

Tábiyat — bul jer, aspan, ósimlikler, janıwarlar, aǵın suw hám taza hawa bolıp tabıladı. Tábiyat qushaǵına sayaxat waqtında tazalıqtı saqlaw, janıwarlarǵa zıyan bermew, aǵın suwǵa shıǵındı taslamaw kerek.

### Qarlıǵash, mıltıqshı hám jılan

*(Ertekten úzindi)*

Tóbesinde shertektiń,
Qızıl tumsıq, mamıq jún.
Jańa kelgen dúnyaǵa,
Palapanlar uyada!

Jılan jerde jalaqlap,
Bılǵap basın alaqlap.
Tóbesine qaradı,
Uwlı tilin jaladı.

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Shorshıp ketti kóriwden,
Qayta ushtı keliwden.
Tağı keldi asığa,
Uyasınıń qasına.

Mıltıqshını jasırdı,
Sıbırlap is tapsırdı.
Jaqınlap keldi uw jılan,
Jabırlasıp palapan.

Taqalıp keldi shağıwğa,
Az qaldı qan ağıwğa.
Qarlığash endi ım qaqtı,
Mıltıqshı urdı tırnaqtı.

Kózin oyıp aladı,
Sılq etip jılan quladı.
Kelip edi gárdiyip,
Ólip qaldı sárriyip.

*Tilewbergen Jumamuratov*



Ertekten juwmaq shığarıń.



http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# 26. JANÍWARLARǴA ǴAMXORLÍQ — JAQSÍ PAZÍYLET

Janıwarlar — insannıń jaqın dosları.

Kepter xat tasıǵan.





At uzaqtı jaqın etedi.



Iyt úyimizdi qorıqlaydı.

## Quslar qaytıp keledi eken

„Qurbanbay kishkene usta“,—
Dep ataydı biziń klasta,
Sulıwlap hár jıl báhárde,
Uya soǵadı qusqa.

Bıltır onıń bul uyasın,
Qarlıǵashlar mákán etti,
Bergennen soń tárbiyasın,
Ónip-ósip ushıp ketti.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Olar da tap adamlarday,
Jaqsılıqtı biledi eken,
Jaylı bolǵan uyasına,
Quslar qaytıp keledi eken.

*Saǵıydulla Abbazov*

Tómendegi haywan hám qus atın tabıń.



B......



J.......



J....

## Búlbúl



Baǵıń bolsa qonaman,
Túrli nama shalaman,
Eger baǵıń bolmasa,
Qonbay ketip qalaman.

Adam degen káramat,
Nálshe egip baǵ jarat,
Erteli-kesh waǵında,
Turaman sayrap baǵıńda.

*Xalmurat Saparov*

Quslar nege ketedi?

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# 27. TÁBIYAT BAYLÍQLARÍN ÚNEMLEW

Adam tábiyat baylıqlarısız jasay almaydı. Hátte, taǵamlarımız da onıń járdeminde tayarlanadı. Tábiyat baylıqları sebepli turmısımız abadan. Elektr quwatı hám tábiyiy gazsiz ne isler edik?! Eleketr quwatı úylerimizdi jaqtılandıradı, úlken kárxanalar, televizor, radio, muzlatqısh, kompyuter, qol telefonı — barlıǵı ol sebepli isleydi.

Ishimlik suwı barǵan sayın azayıp barmaqta.

Gaz, suw hám elektr quwatın únemlew biziń insanıylıq wazıypamız bolıp tabıladı.



Hár zattıń ólshemi bar.

1. Suw, gaz, elektr quwatı insanǵa qanday payda keltiredi?

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



2. Ne ushın taza ishimlik suwdı únemlew kerek?





1. Súwretlerdegi jaǵdaylarǵa baha beriń.
2. Sizler suw, gaz hám elektr quwatın únemlewge qanday úles qosıp atırsız?

Suwsız — tirishilik bolmas,
miynetsiz — ráhát bolmas.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# 28. JUWMAQLAWSHÍ SABAQ

## Ádepnamanıń 1-klass oqıwshısına násiyatları




Mine, siz „Ádepnama"nı oqıp, ádep-ikramlıq haqqında kóp zatlardı úyrendińiz. Qatnasıq hám sálemlesiw ádebine baylanıslı jaǵımlı sózlerdi qollanıwǵa ádetlendińiz. Mektepte, tábiyat qoynında hám jámáátlik orınlarda ózińizdi qalay tutıw kerekligin bilip aldıńız. Ótilgen temalardı bir eske alıń, barlıǵın ózlestirip aldıńız ba?

Balalar! Jazǵı dem alıs aldınan sizge zárúr másláhátler bermekshimiz. Olar sizge bárháma kerek boladı.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



## Este saqlań!

1. Úyińizde kishkene kitapxana shólkemlestiriń. Kóbirek oqıwǵa, bilim iyelewge umtılıń.
2. Salamat denede sap aqıl bolıwın este saqlań. Dene tárbiya hám sport penen turaqlı shuǵıllanıń.
3. Jaqsı ádetlerge ámel etiń. Jaman ádetlerden uzaq júriń.
4. Tuwrı sózli bolıń. Heshqashan ótirik sóylemeń.

Eger, usı násiyatlarǵa ámel ete alsańız, sizlerdi hámme jaqsı kórip, húrmet etedi.

**Xosh bolıń, áziz balalarım!**
**Ádepli adam elde áziz bolıwın este saqlań!**



http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



# MAZMUNÍ

## I. ÓZBEKSTAN — AZAT HÁM ABAT WATAN

1. 1-sentyabr — Ǵárezsizlik kúni ....................3
2. Babalardan miyras jurt ..................................5

## II. ÁDEP — INSAN USHÍN ZIYNET

3. Ádep-ikramlıq normalarınıń dáslepki talapları ..........................................................8
4. Ádepli bala — elge ılayıq ..........................10
5. Sálemlesiw ádebi ........................................12
6. Sálemlesiw qaǵıydaları ..............................14
7. Qatnasıq ádebi ............................................16
8. Jaqsılıq hám jamanlıq ................................18
9. Biziń wazıypalarımız ...................................20
10. Minnetdarshılıq ..........................................22
11. Shańaraqta ..................................................24
12. Bilim beriw orninda ádep-ikramlıq qaǵıydaları ..................................................26
13. Jámiyetlik orınlarda ózin tutıw ...............28
Tákirarlaw ......................................................30

## III. INSAN SALAMATLÍǴÍ — EL BAYLÍǴÍ

14. Tazalıq — densawlıq girewi ..................... 32

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



15. Awqatlanıw ádebi hám qaǵıydaları ....................34
16. Ámeliy jumıs ....................36
17. Qáwipli jaǵdaylarda tártipli hám durıs háreket etiń ....................38
18. Ámeliy jumıs ....................40

**IV. BILIM AL, ÓNER ÚYREN**

19. Kitap — bilim bulaǵı ....................42
20. Bilim al, óner úyren ....................44
21. Adam miyneti menen húrmetli ....................46
22. Kim bolsam eken? *(Ámeliy shınıǵıw)* ....................48

**V. ATA-BABALARÍMÍZDÍ ESLEW MÁŃGILIK**

23. Eslew hám qádirlew kúni ....................50
24. Ziyarat etiw ádebi *(Ámeliy jumıs)* ....................52

**VI. TÁBIYAT HÁM BIZ**

25. Tábiyattı qorǵaw hám tábiyat qoynına sayaxat ádebi ....................54
26. Janıwarlarǵa ǵamxorlıq — jaqsı pazıylet ....................56
27. Tábiyat baylıqların únemlew ....................58
28. Juwmaqlawshı sabaq ....................60

http://eduportal.uz

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Hasanboyeva Oysha**

74.00 **Ádepnama:** 1-klası ushın sabaqlıq / O. Hasanboyeva,
X 30 M. Inoyatova, V. Kostetskiy, J. Bazarbayev — Tashkent: «O'qituvchi» BPDÚ, 2019. — 64 bet.

ISBN 978-9943-22-364-6 UOK: 177 (075.2)
KBK 74.00

**Oysha Hasanboyeva**

**Muhayyo Inoyatova**
**Vasiliy Kostetskiy**
**Jumanazar Bazarbaev**

# ODOBNOMA

*Qoraqalpoq tilida*

**1-sinfi uchun darslik**

*«O'qituvchi» baspa-poligrafiyalıq dóretiwshilik úyi*
*Tashkent — 2019*

Awdarmashı *S. Aytmuratova*
Redaktor *U. Yusupova*
Kórkem redaktor *K. Reypnazarov*
Tex. redaktor *B. Turımbetov*
Operator *A. Begdullaeva*

Baspa licenziyası AI № 012. 20.07.2018.
Original-maketten basıwǵa ruqsat etildi 5. 05. 2019. Formatı 70x90 1/16.
Kegli 18 shponlı. Ofset baspa usılında basıldı. Ofset qaǵazı. Kólemi 4,0 baspa tabaq.
Shártli baspa tabaq 4,68. Esap baspa tabaq 3,67. Nusqası 13090 dana. Buyırtpa №

Original-maket «Bilim» baspasında tayarlandı.
«Bilim» baspası, 230103. Nókis qalası. Qaraqalpaqstan kóshesi, 9.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti Administraciyası janındaǵı Málimleme hám ǵalaba kommunikaciyalar agentliginiń «O'qituvchi» baspa-poligrafiyalıq dóretiwshilik úyi. Tashkent — 206, Yangishahar kóshesi, 1-úy. Shartnama № 02-19.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE